


## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif métode déskriptif analisis. Nurutkeun Moleong (2012, kc.6) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu dimaksud pikeun maham kana *fenomena* atawa kaayaan ngeunaan naon nu karandapan ku objék panalungtikan saperti paripolah, pamikiran, motivasi, tindakan, jrrd. Sedengkeun déskriptif nurutkeun Moleong (2012, kc. 11) nyaéta data nu dikumpulkeun mangrupa kekecapan, gambar, jeung lain angka. Dina émprona, laporan panalungtikan téh eusina sabudeureun cutatan kekecapan tina informasi meunang wawancara jeung observasi, sarta dilengkepan ku gambar, rékaman audio, atawa video minangka dokuméntasi.

### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan digunakeun sangkan nu nalungtik boga adeg-adeg atawa rarangka enggoning ngalaksanakeun panalungtikan, lian ti bisa nyawang heula tina réfléksi desain, nu nalungtik ogé moal pati ngararampa dina prosedur naon anu mudu dilakukeun. Ieu hal luyu sakumaha anu dipertélakeun ku (Arikunto, 2013, kc. 60) yén désain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun nyangking gambaran panalungtikan anu rek dilaksanakeun.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nyaéta minangka tempat ayana data nu rék ditalungtik. Arikunto (2013, kc. 171) nételakeun yén sumber data panalungtikan téh nyaéta subjék anu rék ditalungtik. Sumber data ngawengku tilu aspék nyaéta jalma (person), tempat (place), jeung kertas (paper).

1) **Jalma** (*person*) nyaéta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.

2) **Tempat** (*place*) nyaéta sumber data anu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing misal rohangan, kelengkapan alat, wujud barang, warna, jrrd. Sedengkeun kaayaan gerak misal aktivitas, ritme, gerak tari, kegiatan diajar-ngajar, jrrd. Kaayaan cicing atawa gerak mangrupa objék pikeun métode observasi.

3) **Keretas** (*paper*) nyaéta sumber data anu ngébréhkeun tanda-tanda mangrupa angka, huruf, gambar, atawa simbol-simbol séjénna.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

1) Sumber data anu mangrupa jalma (person) nyaéta para inohong, para papayung, nu dikolotkeun, sarta sing saha waé anu miboga kaweruh ngeunaan asal-usul atawa sajarah ngaran lembur

2) Sumber data anu mangrupa tempat (place) nyaéta di sabudeureun wewengkon Kacamatan Rancakalong

3) Sumber data anu mangrupa keretas (paper) nyaéta sajarah atawa asal-usul ngaran lembur anu nyampak sacara tinulis


#### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

##### 3.2.1.1 Kondisi Geografis Kacamatan Rancakalong

Sacara geografis, wates-wates wilayah administratif Kacamatan Rancakalong nyaéta:

- a. Kalér :Kacamatan Tanjungkerta jeung Kacamata Tanjungmedar
- b. Kidul : Kacamatan Pamulihan jeung Kacamatan Tanjungsari
- c. Kulon : Kabupatén Subang jeung Kabupatén Bandung
- d. Wétan : Kacamatan Sumedang Utara jeung Sumedang Selatan

Posisi secara administratif Kecamatan Rancakalong ayana dina posisi *Lintang Selatan* jeung *Bujur Timur*. Sacara visualisasi, bisa katitén dina peta wilayah Kecamatan Rancakalong.



Gambar 3.1  
Peta Administratif Kecamatan Rancakalong

Sacara gembler, legana wewengkon Kecamatan Rancakalong nyaéta 306.399 Ha. Saupama diwincik lega wilayah dumasar désa, bakal katitén dina tabél di handap.


Tabél 3.1  
Lega Wilayah Désa di Kecamatan Rancakalong

No	Désa	Lega Wilayah
1	Sukasirnarasa	474 Ha
2	Pasirbiru	401 Ha
3	Rancakalong	325 Ha
4	Pamekaran	304 Ha
5	Sukamaju	449 Ha

No	Desa	Lega Wilayah
6	Sukahayu	401 Ha
7	Nagarawangi	463 Ha
8	Cibunar	410 Ha
9	Pangadegan	1486 Ha
10	Cibungur	525 Ha

### 3.2.1.2 Kondisi Jumlah Masarakat Kecamatan Rancakalong

Jumlah masarakat di Kecamatan Rancakalong nyaéta 43.705, kabagi jadi 22.043 urang lalaki sarta 21.662 urang awéwé. Anapon *persebaran* jumlah masarakat di unggal désana bisa katitén dina tabél di handap.



Grafik 3.1  
Sebaran Jumlah Masarakat di Kecamatan Rancakalong

Tina legana wilayah kecamatan Rancakalong anu ngawengku sapuluh désa, kainventarisir aya 152 ngaran lembur di jerona. Ku lantaran kawatesanan ku waktu jeung waragad, antukna ieu panalungtikan téh bakal leuwih museur deui ngagunakeun *purposive sampling*. Anapon *Purposive sampling* téh nyaéta téhnik anu udaganana pikeun nyangking data anu teu didasaran ku strata, daérah, atawa maké sistim acak tapi tetep nyindekel kana udagan anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 139). Dina hal anu tumali jeung ‘wilayah’, opat madhab (*arah mata angin*)

digunakeun minangka calecer enggoning nyusud karakteristik udagan nu tangtu dina maké *Purposive sampling*. Lian ti éta ditambahan ku wilayah ‘tengah’ sangkan napak kana *papat kalima pancar*.

Cindekna, data anu ditalungtik téh nyaéta toponimi ngaran kacamatanana, ngaran désana, jeung lima ngaran lembur di unggal désa dumasar *opat madhab kalima pancar*. Leuwih jelasna bisa katitén dina ieu tabél di handap.


Tabél 3.2  
Lembur nu ditalungtik

No	Keterangan	Ngaran
1.	Kacamatan	Rancakalong
2.	Désa	Pasirbiru
3.	Kidul	Babakan Désa
4.	Kulon	Panénjoan
5.	Kalér	Cihérang
6.	Wétan	Ciseupan
7.	Tengah	Cimanglid
8.	Désa	Sukasirnarasa
9.	Kidul	Cibawang
10.	Kulon	Sembunrugul
11.	Kalér	Lamping
12.	Wétan	Cikuray
13.	Tengah	Ciledug
14.	Désa	Cibunar
15.	Kidul	Cilamé
16.	Kulon	Pasirbarung
17.	Kalér	Garawangi
18.	Wétan	Pasirmalang
19.	Tengah	Babakan Dago
20.	Désa	Pamekaran
21.	Kidul	Cimacan
22.	Kulon	Cikonéng
23.	Kalér	Cikondang
24.	Wétan	Legok Picung
25.	Tengah	Cimacan Désa
26.	Désa	Rancakalong
27.	Kidul	Pasir Pogor
28.	Kulon	Wangun
29.	Kalér	Muncang Bongkok
30.	Wétan	Cipangasih
31.	Tengah	Pasir
32.	Désa	Nagarawangi
33.	Kidul	Cijéré
34.	Kulon	Cipala
35.	Kalér	Cibeurih

No	Keterangan	Ngaran
36.	Wétan	Godobaya
37.	Tengah	Lebak Tulang
38.	Désa	Sukahayu
39.	Kidul	Cikubang
40.	Kulon	Cikadongdong
41.	Kalér	Selaawi
42.	Wétan	Sukahurip
43.	Tengah	Cigobang
44.	Désa	Pangadegan
45.	Kidul	Pakuwangi
46.	Kulon	Cikahurip
47.	Kalér	Patrol
48.	Wétan	Naringgul
49.	Tengah	Padasari
50.	Désa	Sukamaju
51.	Kidul	Cisoka
52.	Kulon	Nagrog
53.	Kalér	Sukamanah
54.	Wétan	Panyindangan
55.	Tengah	Néglasari
56.	Désa	Cibungur
57.	Kidul	Nangkod
58.	Kulon	Sasaklemah
59.	Kalér	Bakandago
60.	Wétan	Sawahbera
61.	Tengah	Bakanbandung






### 3.2.2 Narasumber

Tabél 3.3  
Data Informan jeung Narasumber






No.	Poto	Idéntitas Narasumber
1		<p>Wasta: Agus Mulyana</p> <p>Yuswa: 48</p> <p>Wanda Baga: Pameget</p> <p>Kalungguhan: Asisten Budaya Ditjenbud Kemendikbudristek</p> <p>Padumukan: Babakan Hurip</p>

No.	Foto	Identitas Narasumber
2		<p>Wasta: Até Wasta, S.Sos.  Yuswa: 52  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Kasi Pemerintahan Kecamatan Rancakalong  Padumukan: Citungku</p>
3		<p>Wasta: Dr. Rony Hidayat Sutisna, S.Sn., M.Pd.  Yuswa:  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Dosen &amp; Budayawan  Padumukan: Pasir Bénténg</p>
4		<p>Wasta: Amir Witardja, BA  Yuswa: 86  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Sesepeuh Désa Pasirbiru  Padumukan: Pasir Biru</p>
5		<p>Wasta: Taryat  Yuswa: 57  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Seniman  Padumukan: Cipangasih</p>
6		<p>Wasta: Sudaryat  Yuswa: 84  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Mantan juru tulis Désa Cibunar  Padumukan: Cibunar</p>





No.	Foto	Identitas Narasumber
6		<p>Wasta: Rukanda  Yuswa: 80  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Juru Kunci Panénjoan  Padumukan: Panénjoan</p>
7		<p>Wasta: Rohman Sopandi  Yuswa: 52  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Sesejuh Ciseupan  Padumukan: Ciseupan</p>
8		<p>Wasta: Encang  Yuswa: 70  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Juru Kunci Cikuray  Padumukan: Cikuray</p>
9		<p>Wasta: Mulyadi  Yuswa: 70  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Sesejuh Adat Cikondang  Padumukan: Cikondang</p>
10		<p>Wasta: Idhar  Yuswa: 72  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Mantan Kadés Cibungur  Padumukan: Cibungur</p>



No.	Foto	Identitas Narasumber
11		<p>Wasta: Empuh  Yuswa: 78  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Seseputh Désa Pangadegan  Padumukan: Pakuwangi</p>
12		<p>Wasta: Sajidin  Yuswa: 82  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Kadés kahiji Désa Pamekaran  Padumukan: Cimacan</p>
13		<p>Wasta: Iid  Yuswa: 75  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Seseputh Adat Legok Picung  Padumukan: Legok Picung</p>
14		<p>Wasta: Dadan Darmini  Yuswa: 56  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Kepala Wilayah Cibawang  Padumukan: Cibawang</p>
15		<p>Wasta: Undang Nuryadin  Yuswa: 58  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Mantan Kadés Sukasirnarasa  Padumukan: Ciledug</p>

No.	Foto	Identitas Narasumber
17		<p>Wasta: Sunayat  Yuswa: 73  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Mantan Kadés Cibunar  Padumukan: Pasirmalang</p>
18		<p>Wasta: Éman  Yuswa: 72  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Mantan Juru Tulis Sukamaju  Padumukan: Néglasari</p>
20		<p>Wasta: Oma Sutisna  Yuswa: 70  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Pupuhu Rurukan Cijéré  Padumukan: Cijéré</p>
21		<p>Wasta: Abun  Yuswa: 56  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Seniman  Padumukan: Pasir Malang</p>
22		<p>Wasta: Sumarna  Yuswa: 52  Wanda Baga: Pameget  Kalungguhan: Sesepeuh Cigobang  Padumukan: Cigobang</p>

No.	Foto	Identitas Narasumber
23		Wasta: Édang Taryat Yuswa: 60 Wanda Baga: Pameget Kalungguhan: Kepala Wilayah Cigobang Padumukan: Cigobang
24		Wasta: Ikin Asikin Yuswa: 84 Wanda Baga: Pameget Kalungguhan: Pensiunan Padumukan: Cikubang

### 3.2.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan dilakukeun salila sabulan, ti tanggal 18 Juli 2022 nepi ka lima Agustus 2022.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan wawancara, obsérvasi, dokuméntasi, jeung studi pustaka. Tilu téhnik di luhur ogé sok disebut téhnik triangulasi. Nurutkeun Sugiyono (2021, kc. 315) triangulasi kaasup kana téhnik ngumpulkeun data anu ngahijikeun téhnik wawancara, observasi, jeung dokuméntasi.

1) **wawancara** nyaéta papanggihna dua jelema pikeun nukeur informasi jeung ideu ngaliwatan patalékan jeung réspon, anu hasilna mangrupa komunikasi jeung ma'na tina hiji topik. Anapon wawancara anu digunakeun nyaéta *wawancara semi terstruktur* anu dina prakna teu pati museur kana patalékan wawancara anu geus disusun, tapi ngantebkeun hal-hal anu tumali jeung patalékan kana dialog (wangun ngawangkong). Ieu hal sangkan réspodén teu *kaku* atawa leuwih *terbuka* nalika wawancara dilakukeun. Sakumaha kamandang Susan Stainback

(dina Sugiyono, 2021, kc. 305), ku wawancara nu nalungtik bakal meunang hal-hal nu leuwih teleb ngeunaan partisipan dina nembrakkeun situasi jeung kajadian nu tumiba. Ku kituna ieu téhnik dianggap luyu sakumaha pangabutuh nu nalungtik dina nyanghareupan réspodén minangka sumber data.

**2) obsérvasi** nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun néangan data sacara langsung kana objék di tempat panalungtikan. Observasi nu digunakeun leuwih kana *observasi terus-terang tersamar*, maksudna nu ditalungtik apal ngeunaan ieu kagiatan panalungtikan, tapi dina dina sababaraha waktu jeung kaayaan, nu nalungtik gé teu balaka (*samar*) réhna nu nalungtik keur observasi. Ieu hal dina tujuan sangkan data anu sipatna rusiah, aib, atawa pikaéraeun bisa dibalakakeun ka nu nalungtik (Sugiyono, 2021, kc. 299-300).

**3) dokuméntasi** digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi nu mangrupa potu, audio, atawa hal naon waé anu bisa ngarojong kana panalungtikan. Lian ti eta, ogé minangka bukti yén panalungtikan bener-bener dilaksanakeun.

Pikeun ngeuyeuban deui data anu baris diguar, nu nalungtik nambahan deui hiji téhnik nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka dina enas-enasna digunakeun enggoning nyusud tiori, atawa hal-hal lianna anu ngajurung kana panalungtikan.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Enggoning ngajurung kana ieu panalungtikan, instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) smartphone anu digunakeun pikeun ngarekam (dokumentasi) dina wangun visual, audio, atawa audiovisual;
- 2) kartu wawancara pikeun idéntitas informan.

Tabél 3.4  
Kartu Informan Wawancara

Kartu Informan Wawancara	
Wasta	
Wanda baga	
Umur	
Padumukan	

Kalungguhan		
Pakasaban		
Atikan		
Tanggal Wawancara		
Tempat Wawancara	.....	

Lian ti éta, disusun daftar patalékan minangka museurkeun hal-hal anu baris ditanyakeun nalika wawancara. Demi ari daftar patalékan nyaéta hal-hal anu baris ditanyakeun nalika prak-prakkan ngawawancara. Patalékanana disusun sangkan nyoko kana udagan sakumaha anu dipikahayang.

1. Kumaha sajarah ieu lembur?
2. Ti iraha aya ieu lembur?
3. Naha ieu lembur pernah ganti ngaran atawa kungsi dimekarkeun?
4. Naon harti ngaran ieu lembur?
5. Ti iraha ieu lembur dibéré éta ngaran?
6. Saha nu mimiti lembur ieu ngaran?
7. Kumaha kasang tukang ngaran ieu lembur?
8. Naha aya carita nu ngarojong kana ngaran ieu lembur?
9. Naha aya pangaruh tina kondisi géografis atawa budaya kana ngaran ieu lembur?
10. Naha aya bukti sajarah nu ngarojong kana ngaran lembur?
11. Ti saha kénging ieu carita?
12. Apal teu kana leunjeuran caritana?
13. Naha loba masarakat anu apal kana ieu carita?

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu digunakeun enggoning ngolah atawa analisis data dina ieu panalungtikan téh leuwih nyoko kana analisis data deskriptif kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2021, kc. 320) analisis data kualitatif nyaéta prosés néang jeung nyusun sacara sistematis data nu kacangking tina hasil wawancara, catetan di *lapangan*, jeung dokuméntasi, ku cara ngelompokeun data kana katégori, dipérélékeun kana wincikan-wincikan, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih nu penting nu bakal diteleban leuwih jero, jeung nyieun kacindekan sangkan gampang dipikapaham boh ku sorangan atawa ku nu lian.

Dina émprona, data (lembur) bakal disusun sacara sistematis dumasar kana désana séwang-séwangan, dikelompokeun kana katégori dumasar aspék toponimi

jeung dumasar pola ngaran, sarta pamungkas data nu kapaluruh téh dicindekeun. Sedengkeun data asal-usul ngaran lembur didéskripsikeun dina wangun narasi.